



# OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

## Office for Civil Rights

U.S. Department of Health  
and Human Services

200 Independence Avenue, SW  
H.H.H. Building, Room 509-F

Washington, D.C. 20201

### TELEFÒN

1-800-368-1019

### IMÈL

ocrmail@hhs.gov

### TDD

1-800-537-7697

[www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr)

# KONNEN DWA KI PWOTEJE NOU YO KONT DISKRIMINASYON SOU BAZ RAS, KOULÈ OSWA ORIJIN NASYONAL

## Kisa Tit VI la ye?

Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 lan (Tit VI) se yon lwa federal ki pwoteje moun kont diskriminasyon sou baz koulè oswa orijin nasyonal yo nan pwogram ak aktivite ki resevwa asistans finansye federal. Pa egzanp, si ou kalifye pou Medicaid oswa lòt sèvis sante oswa sosyal, ajans oswa òganizasyon ki resevwa finansman gouvènman federal lan bay, antite sa yo pa ka refize ou gen aksè ak pwogram oswa aktivite yo akòz ras, koulè oswa orijin nasyonal ou.

Biwo pou Dwa Sivil (OCR) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini (U.S. Department of Health and Human Services, HHS) asire yo antite ki resevwa asistans finansye federal yo konfòme yo ak Tit VI ansanm ak lòt lwa sou dwa sivil yo.

## Kèk nan enstitisyon oswa pwogram ki gendwa resevwa asistans federal e ki benefisyè kouvèti

### Tit VI se:

- Lopital ak klinik sante
- Ajans Medicaid ak Medicare Sant
- Tretman kont alkòl ak dwòg
- Etablisman swen pwolonje
- Pwogram asistans piblik
- Fwaye retrèt
- Ajans adopsyon
- Gadri, sant pou sante mantal ak moun ki aje

## Fòm diskriminasyon ki ilegal

### Yon antite ki resevwa asistans finansye federal pa ka, sou baz ras, koulè oswa orijin nasyonal:

- Refize sèvis, èd finansye oswa lòt avantaj ki bay kòm yon pati nan pwogram sèvis sante oswa sosyal.
- Founi yon sèvis diferan, èd finansye oswa lòt avantaj, oswa bay yo nan yon fason diferan ak sa yo bay lòt moun nan kad pwogram lan.
- Fè segregasyon oswa trete nan yon fason separe moun nan nenpòt bagay ki lye ak resepsyon nenpòt sèvis, èd finansye oswa lòt avantaj.
- Pa rive fè demach ki rezonab pou asire aksè ki enpòtan pou moun ki gen metriz limite nan anglè yo (LEP) ak pwogram oswa aktivite benefisyè an.

## **Kijan pou depoze yon plent pou diskriminasyon ak Biwo pou Dwa Sivil lan (OCR)**

Si ou kwè ou oswa yon lòt moun te sibi diskriminasyon akòz ras, koulè oswa orijin nasyonal nan men yon antite k ap resevwa asistans finansye nan men HHS, ou oswa reprezantan jiridik ou an gendwa depoze yon plent ak OCR. Plent yo dwe depoze nan espas 180 jou apati dat diskriminasyon ou sipoze ki te fèt lan.

Ou gendwa voye yon plent ekri oswa ou gendwa ranpli epi voye bay OCR Fòmilè Plent ki disponib sou paj wèb nou an nan [www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr). Fòmilè plent lan disponib tou sou paj wèb nou an nan yon kantite lang anba Enfòmasyon sou Dwa Sivil yo nan seksyon Lòt Lang yo.

Enfòmasyon ki suiv yo la dwe gen ladan yo:

- Non, adrès ak nimewo telefòn ou.
- Ou dwe siyen non ou sou tout sa ou ekri. Si ou depoze yon plent nan non yon lòt moun — pa egzanp: mari/madanm, kliyan, elatriye — mete non, adrès, nimewo telefòn ak deklarasyon relasyon ou ak moun sa a.
- Non ak adrès enstitisyon oswa ajans ou kwè ki diskrimine an.
- Kilè, kijan epi poukisa ou kwè diskriminasyon an te rive.
- Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan.

Si ou voye plent ou an nan lapòs, asire ou pou voye li nan atansyon manadjè rejyonal lan nan biwo rejyonal OCR ki apwopriye an. OCR gen dis biwo rejyonal e chak biwo rejyonal kouvri eta ki espesifik. Ou gendwa voye plent yo tou nan lapòs nan Katye Jeneral OCR lan nan adrès ki suiv lan:

**Office for Civil Rights**

**U.S. Department of Health and Human Services 200**

**Independence Avenue, SW.**

**H.H.H. Building, Room 509-F**

**Washington, D.C. 20201**

**Pou aprann plis:**

**Vizite nou sou entènèt nan [www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr)**

**Rele nou gratis nan 1-800-368-1019**

**Ekri nou imèl nan: [ocrmail@hhs.gov](mailto:ocrmail@hhs.gov)**

**TDD: 1-800-537-7697**

Gen sèvis asistans lengwistik pou zafè OCR ki disponib epi yo bay yo gratis. Sèvis OCR yo aksesib ak moun ki gen andikap.

**[www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr)**